

# Byenvini O Kanada



**KI SA OU DWE FÈ APRÈ W FIN RIVE O KANADA**



Imedyatman aprè ou fin rive o Kanada, gen kèk bagay enpòtan ou dwe fè avan ou komanse viv nan peyi a.

Òganizasyon k ap ede moun tabli kapab ede w tou nan sans sa a. Òganizasyon sa yo ofri plizyè pwogram ak sèvis pou ede moun ki fenk vini o Kanada. Yo kapab tou mete w an kontak avèk kèk mentò savle di kèk konseye. Pou w jwenn òganizasyon sa yo nan kominote ou a, ale sou paj : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

## NAN PREMÈ 2 SEMENN OU YO

**Aplike pou yon Nimewo Asirans Sosyal (NAS).** Ou bezwen l pou w ka travay o Kanada e pou w ka rive jwenn sèvis ak avantaj nan men gouvènman an. Ou ka jwenn yon NAS pwovizwa pou yon ti tan. Pa bay nenpòt moun nimewo NAS ou, sof si ou sèten ke gen yon rezon legal pou sa. Si yon moun mande w pou NAS ou, mande l pou ki rezon. Pou w ka jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit : [Numéro d'assurance sociale – Aperçu](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

**Aplike pou kouvèti sante gouvènman an** osito ou rive o Kanada. Pou sa, ale nan ministè sante ki nan pwovens ou a oubyen nan tèritwa ou a. Tou depan de kote w ap viv la, sa ka pran 3 mwa pou w jwenn kouvèti medikal la. Pou plis enfòmasyon, ale nan : [Se renseigner sur les soins de santé au Canada](#) (paj wèb sa a disponib an anglè ak an fransè).


Ou va resevwa yon **kat sante** kòm prèv ke ou gen kouvèti medikal. Chak moun ap resevwa kat pa yo. Ou dwe ale ak kat sante ou chak fwa ou al nan swen medikal.

Pandan w ap tann apwobasyon pou w jwenn asirans sante gouvènman an, li bon pou w ta pran yon asirans medikal prive, jis pou w ka gen kouvèti si w ta gen yon pwoblèm sante.

Fè sèten ke ou konnen egzakteman ki sa ke asirans sante a kouvri. Paske gen kèk sèvis ak pwodwi medikal ki pa kouvri nan asirans sante a. Lè sa a, se ou k ap gen pou peye yo ak lajan pa w.

Si w se yon refijye tabli ki fè demann azil oubyen ou se yon moun ki deja jwenn pwoteksyon o Kanada, li posib pou w jwenn swen medikal pwovizwa ak medikaman preskripsyon, nan kad Pwogram sante pwovizwa gouvènman federal la. Pou w konnen si ou ka patisipe nan pwogram sa a, ale sou sit : [Programme fédéral de santé intérimaire : Personnes admissibles](#) (paj wèb sa a disponib an anglè ak fransè).

**Cache gen kat rezidans pèmanan ou.** Nan espas 180 jou, w ap bezwen bay adrès ou nan Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte (IRCC an fransè). Kat rezidans ou ap vin jwenn ou pa lapòs. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit : [Demande de carte de résident permanent \(carte RP\)](#) (paj wèb sa a disponib an anglè ak fransè).



**Ouvri yon kont an bank**, osito posib. Bank bay kèk sèvis espesifik pou moun ki fenk rive.

Gen 2 kalite kont an bank ou ka itilize prensipalman : savings (ekonomi) ak chequing (chèk). Bank lan va ba ou yon kat debi pou w ka jwenn aksè nan kont ou lè w nan bank lan, e pou w ka ale nan machin otomatik lan tou; oubyen ou ka itilize li lè w ap achte anliy oubyen nan magazen.

Kanada gen diferan kalite bank. Vizite yo oubyen chache anliy pou w rive konnen ki sèvis chak bank ofri.

Pou plis enfòmasyon sou koman pou w jere lajan ou nan Kanada, ale sou sit [Gérer son argent au Canada](#) (videyo a disponib an anglè ak franse).

**Si ou gen yon ijans, rele 911.** Se nimewo dijans pou tout peyi a. Nimewo sa a konekte ak lapolis, ponpye e anbilans.

Kèk zòn lwen kapab gen yon lòt nimewo dijans. Chache konnen nimewo dijans lokal kote wap viv la.

Pou w konnen plis sou sa ou dwe fè pandan 2 premye semèn ou o Kanada, al gade videyo : [Vos deux premières semaines au Canada](#) (Premye 2 semèn ou o Kanada) (videyo a disponib an anglè kòm an franse).



## NAN PREMYE 2 MWA OU

**Chache yon kote pou w abite.** Gen diferan kalite kay o Kanada. Kay chè nan Kanaka, sitou nan gran vil yo; e sa ka difisil pou w jwenn yon lojman ki abòdab, kit se yon apatman a lwe oubyen yon mezon ki reponn a sa w bezwen.

Lè w ap chwazi yon kote pou w abite, ou dwe panse a 2 bagay : ki kote ak ki pri. Ou kapab vle abite tou prè travay ou, lekòl, magazen, touprè kote ou adore, bò sant kominotè oubyen toupre transpò piblik.

Ou ka chache anliy, vizite an pèsòn, e mande zanmi ak fanmi sou kesyon kote pou w ta viv. Kontakte sèvis k ap ede moun tabli nan kominote w la pou plis enfòmasyon sou kesyon jwenn yon kay, oubyen ale sou sit wèb Sosyete Kay ak Mògej Kanada (The Canada Mortgage Housing Corporation) : [Information sur le logement pour les nouveaux arrivants au Canada](#) (wèb paj sa a an anglè e an franse).

**Enskri timoun yo nan lekòl.** Ane eskolè kòmanse nan fen Out oubyen kòmansman Septanm, e li fini an Jwen. Timoun al lekòl lendi pou rive vandredi. Lekòl yo fèmen nan jou ferye yo.

Sa ka pran plizyè semèn pou w enskri yon timoun nan lekòl. Li pi bon pou enskri timoun ou pi bonè sa posib.

Pandan enskripsyon an, w ap bezwen bay dokiman legal e valid ki montre :

- Laj timoun ou an (tankou paspò)
- Ki sa ou ye pou li legalman (tankou paran oubyen titè li)
- Ki kote ou abite ak timoun ou (adrès kay la)
- Kanè vaksen li pou montre ke li pran tout vaksen ki nesèsè.

Pandan enskripsyon an, ou ka mande sou zafè transpò pou timoun nan ale lekòl e retounen lakay.

Pou aprann plis bagay sou sistèm lekòl primè ak segondè o Kanada, ale sou sit : [Éducation au Canada : aperçu du système d'enseignement primaire et secondaire](#) (videyo a disponib an anglè e an fransè).

Kontakte òganizasyon k ap ede moun tabli nan zòn ou an pou w jwenn plis enfòmasyon sou kòman ou kapab enskri timoun ou nan lekòl, pou sa al sou sit : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

**Chache yon doktè ak yon dantis.** Chache yon doktè ak yon dantis fanmi ki aksepte pran fanmi wou kòm nouvo kliyan. Yo kapab kenbe dosye sante ou epi ou ka al konsilte nan men yo regilyèman. Pou w jwenn yon doktè ak yon dantis, ou ka mande yon moun ou konnen, ou ka chache anliy oubyen ou kapab kontakte yon sant sante kominotè.

Li kapab difisil pou w jwenn yon doktè fanmi ki aksepte nouvo kliyan nan zòn ou an. Mande òganizasyon ka p ede moun tabli, pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou w jwenn sèvis lasante nan pwovens oubyen nan tèritwa ou ye a.

Pou w aprann plis sou sistèm sante Kanada a, ale sou : [Apprendre à connaître le système de soins de santé du Canada](#) (videyo a disponib an anglè e an fransè).

**Chache konn kominote a.** Ale nan bibliyotèk lokal la, oubyen ale anliy pou w ka jwenn enfòmasyon sou nouvo katye ou a ak sistèm transpò li a. Vizite sant sante lokal la oubyen òganizasyon k ap ede moun tabli pou w ka jwenn plis enfòmasyon.

**Pran kontak e chache fè moun nan kominote a.** Kominote ou a ka ede w tabli. Sant kominotè, bibliyotèk ak kote moun adore, se bon kote ou ka rankontre moun e fè zanmi.

**Amelyore anglè w oubyen fransè w.** Gen anpil chwa pou w ka jwenn yon fòmasyon nan lang yo, e gen nan yo ki gratis. Pou w aprann plis sou sa, ale sou : [Options de formation linguistique pour les nouveaux arrivants au Canada](#) (videyo disponib an anglè e an fransè) oubyen vizite òganizasyon k ap ede moun tabli nan zòn wap viv la.

**Pran volan nan Kanada.** Aprann ki lwa sikilasyon ki genyen nan pwovens ou an oubyen nan tèritwa a pou w ka pran lisans pou w kondwi, oubyen pou w pran yon pèmi kondwi entènasyonal.

**Aprann plis sou lwa Kanada,** sou dwa ak devwa sivik ou genyen kòm rezidan o Kanada. Pou aprann plis sou sa, ale sou sit : [Vos droits et libertés au Canada](#) (paj wèb sa a an anglè e an fransè).

Jwenn òganizasyon k ap ede w tabli nan kominote ou a :

